## COMMONWEALTH MASSACHUSETTS
## DEPATMAN SANTE MANTAL

Aplikasyon pou Swen ak Tretman sou yon Baz Volontè ki Kondisyonèl
**M.G.L. Chapit 123, Seksyon 10 ak 11**
(*fèt pa Ajan Swen Sante*)

Non Pasyan______________________________________________
an lèt detache

Adrès:______________________Vil/Lokalite______________Eta________

Dat Nesans:______________________ Sèks: Gason ☐ Fanm ☐

Non Ajan Swen Sante__________________# Tel:______________

Adrès:______________________Vil/Lokalite______________Eta________

Bay Direktè Etablisman* ______________________________________
Non Etablisman

1. Mwen se ajan swen sante pasyan ki endike anwo a ki gen otorite pou bay konsantman pou admisyon volontè li nan etablisman sa a. Yo mete nan anèks la yon kopi pwokirasyon swen sante ki etabli otorite sa a.

2. Mwen vle admèt pasyan ki endike anwo a nan etablisman an.

3. Mwen reyalize ke lè mwen vle kite etablisman an, mwen dwe bay Direktè Etablisman an yon avi alekri, ki ka retade depa pasyan an pou jiska twa jou (eksepte samdi, dimanch ak jou ferye).

4. Yon fwa mwen bay yon avi ki di mwen vle pou pasyan an kite etablisman an, mwen reyalize ke si Direktè Etablisman an panse pasyan an ta ka yon danje pou tèt li oswa pou lòt moun akòz maladi mantal la, li ka voye petisyon bay Tribinal Distri a nan peryòd twa jou pou fè pasyan an angaje nan (òdone pou l rete nan) etablisman an pou jiska sis mwa. Tribinal la pral pwograme yon odyans. Mwen konprann pasyan an gen dwa pou li gen yon avoka ki reprezante li nan odyans lan. Si li pa kapab peye yon avoka, Tribinal la pral nonmen youn. Apre depo petisyon an, Tribinal la gen senk (5) jou ouvrab pou kòmanse yon odyans sou petisyon pou angajman an. Pandan moman sa a, pasyan an dwe rete nan etablisman an. Nan odyans lan, jij la pral deside si pasyan an kapab oswa pa kapab kite etablisman an.

5. Mwen dakò pou pasyan an resevwa tretman nan etablisman sa a pou maladi mantal ki sijè a nenpòt limit ki idantifye nan pwokirasyon swen sante a. Mwen konprann ke akò sa a pa limite dwa pasyan an pou l soumèt yon avi twa jou, anile pwokirasyon swen sante li oswa pou refize nenpòt kilè entèvansyon tretman espesifik tankou medikaman antisikotik oswa terapi elektwokonvilsif. Mwen gendwa refize tou nenpòt entèvansyon tretman espesifik si gen nenpòt limit ki idantifye nan pwokirasyon swen sante a.

6. Mwen te jwenn yon kopi Avi sou Dwa a (Fòm CV-301HCA).

7. Yo te ofri mwen opòtinite pou m konsilte yon avoka oswa yon moun anba sipèvizyon yon avoka konsènan efè yon admisyon volontè kondisyonèl.

8. Mwen konprann ke etablisman an pral aksepte oswa rejte aplikasyon sa a dapre estanda klinik ak legal ki aplikab yo.

______________________________ ______________
Siyati Ajan Swen Sante Dat

______________________________ ______________
Temwen Dat

*Direktè Etablisman an se sirentandan an, direktè egzekitif, direktè pwogram, oswa lòt administratè etablisman an ke etablisman an deziyen pou sipèvize pati administratif yon etablisman oswa moun li deziyen an.

## ANEKSE KOPI PWOKIRASYON SWEN

## AKSEPTASYON/REJEKSYON ETABLISMAN AN

Dapre kritè ki endike anba a, yon klinisyen Ki deziyen* nan etablisman an dwe aksepte oswa rejte aplikasyon an.

| | Wi | Non |
|---|---|---|
| 1. Pasyan sa a | | |
| A. te dyagnostike avèk maladi mantal jan sa defini nan 104 CMR 27.05(2). | ☐ | ☐ |
| B. bezwen swen ak tretman pou maladi mantal sa a, | ☐ | ☐ |
| C. bezwen entène (i) pou swen ak tretman sa oswa (ii) pou anpeche domaj grav akòz absans yon altènativ plasman ki pi apwopriye. | ☐ | ☐ |
| 2. Etablisman sa apwopriye pou swen ak tretman sa. | ☐ | ☐ |
| 3. Pasyan gen yon pwokirasyon swen sante ki valid ki pa te ekspire oswa anile. | ☐ | ☐ |
| 4. Pwokirasyon swen sante a te byen evoke sou baz enkapasite pasyan an pou pran desizyon swen sante avize. | ☐ | ☐ |

****************************************************************************************************************

Si chak bwat yo tcheke kòm "Wi", lè sa a, y ap aksepte aplikasyon an sof si yo poko admèt pasyan an, nan ka sa a aplikasyon an ka aksepte sèlman si kritè etablisman an pou admisyon yo te satisfè. Si nenpòt bwat yo tcheke kòm "Non", y ap rejte aplikasyon an, sof si sèlman bwat "1.A", "1.B", oswa "2" yo tcheke kòm "Non" nan ka sa a etablisman an ka aksepte si ospitalizasyon volontè kondisyonèl pasyan an nesesè pou anpeche gwo domaj akòz absans yon altènativ plasman ki pi apwopriye.

****************************************************************************************************************

**Pasyan oswa Ajan Swen Sante a pa ka siyen yon avi twa jou sof si yo te aksepte fòm sa a.**

****************************************************************************************************************

Mwen menm, yon klinisyen* etablisman sa a ki deziyen, isit la (tchek tout bwat ki aplikab yo):

5. ☐ **Aksepte** aplikasyon sa pou ospitalizasyon volontè kondisyonèl:
   - ☐ A. Ajan swen sante a ap aplike pou swen ak tretman pou pasyan an sou yon baz volontè kondisyonèl.
   - ☐ B. Mwen te detèmine ke tout kritè pou estati admisyon volontè ki kondisyonèl la satisfè.
   - ☐ C. Sèlman bwat “1.A”, “1.B”, oswa “2” yo ki tcheke kòm “Non” epi ospitalizasyon kontinyèl nesesè pou anpeche domaj grav akòz absans yon altènativ plasman ki pi apwopriye.

6. ☐ **Rejte** aplikasyon sa pou ospitalizasyon volontè kondisyonèl. Rezon:

________________________________________

________________________________________

________________________________________

Siyati Klinisyen ki Deziyen an ____________________ Dat ____________

Non an Lèt Detache ____________________

Tit ____________________

Estati Volontè Kondisyonèl pasyan sa a dwe re-evalye nan moman chak revizyon peryodik.

METE NAN DOSYE PASYAN AN TOUSWIT

*Yon doktè oswa enfimyè pratik avanse ki kalifye, ke Depatman an otorize, jan sa aplikab pou 104 CMR 33.00.